

# Saw Bezwen Konnen: Vaksinasyon COVID-19, Mete Mas, ak distansyasyon sosyal



Paj 1 nan 4

13 Me 2021, Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi yo (CDC) te pote modifikasyon enpòtan nan gid yo sou kesyon mete mas sou baz akimilasyon done sou enfeksyon COVID-19 yo lakay moun ki vaksinen ak moun ki pa vaksinen yo. Gouvènè Lamont te anonse tou ke **règ sou kesyon mete mas yo ap asoupli 10 Me 2021 pou rezidan ak vizitè Connecticut ki vaksinen konplètman yo.** Yon moun ki vaksinen konplètman se yon moun ki gen 14 jou (2 semèn) depi li te pran dènye dòz vaksen COVID-19 li a (sa vle di dezyèm dòz Pfizer oubyen Moderna yo oubyen premye dòz Johnson & Johnson) yo.

## Sa nou te déjà konnen...

### Baze sou enfòmasyon syantifik

ki kolekte lè devlopman vaksen COVID-19 ke itilizasyon yo apwouve Ozetazini yo, **li te klè ke moun ki vaksinen konplètman yo te mwen siseptib pou yo soufri konplikasyon ki grav, etène lopital, oubyen lanmò si viris ki lakoz COVID-19 (SARS-CoV-2) la te enfekte yo.**



## Sa nou konnen kounya...

### Baze sou nouvel enfòmasyon

Ki kolekte depi nan kòmansman vaksinasyon Ozetazini ak nan lòt peyi yo, nou konnen kounya menm si yo te ekspoze ak moun ki gen COVID-19 la, moun ki vaksinen yo pi pa siseptib pou yo enfekte parapò ak moun ki pa vaksinen yo epi, **menm si yo ta vin enfekte moun ki vaksinen konplètman yo mwen siseptib pou transmèt viris la bay lòt** (menm si moun sa yo pa vaksinen).



Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite  
[ct.gov/covidvaccine](https://ct.gov/covidvaccine)



# Saw Bezwen Konnen: Vaksinasyon COVID-19, Mete Mas, ak distansyasyon sosyal



Paj 2 nan 4

## Sa sa vle di pou granmoun ak timoun yo...




### Tout moun (vaksin en oubyen pa vaksin en)

- Bezwen **mete yon mas lè yo andann yon batiman eskolè** (pre-K-12) oubyen anndan yon gadri.
- Bezwen **mete yon mas lè yo anndan yon sant swen sante** (ansanm ak biwo doktè yo, lopital yo, sèvis swen pou ijans yo, etablisman ki bay kineziterapi/ègoterapi yo, ak lòt sèvis ki bay pasyan swen yo).
- Bezwen **mete yon mas lè yo anndan yon rezidans sèvis oubyen nan yon lòt kad vi kolektif** (tankou fwaye gwoup ak fwaye swen rezidansyèl yo) lè swen sante oubyen lòt sèvis sipò yo bay. Mezon retrèt yo dwe swiv egzijans CMS yo pou itilizasyon mas la.
- Bezwen **mete yon mas lè yo anndanabri pou sanabri yo** oubyen lòtabri tankou operasyonabri tanporè yo.
- Bezwen **mete yon mas nan sant koreksyon yo oubyen nan sant detansyon yo.**
- Bezwen **mete yon mas lè yo nan yon sant transpò**, tankou yon ayewopò, estasyon bis oubyen tren, oubyen lè yo **monte transpò piblik oubyen prive**, tankou yon tren, bis, avyon, oubyen woulib-pataje sèvis (tankou Uber, Lyft, taksi).
- Bezwen **mete yon mas si yo mande yo fè sa nan yon etablisman piblik oubyen prive**, si patwon yo mande sa nan espas travay yo, oubyen lè òganizatè yo egzije mas lè nenpòt ki evènman.

### SA A SE PASKE:

- Anviwònman sa yo ka gen plis chans pou yo gen moun ki **pa kapab pran vaksen** akòz laj ki twò piti oswa yon kondisyon sante
- Anviwònman sa yo ka gen plis chans pou gen moun ki gen yon pi **gwo risk pou konplikasyon ki grav** si yo enfekte.
- Anviwònman sa yo ka fè li pi **difisil pou moun kenbe distans yo** epi yo ka gen ladan yo moun ki pa vaksin en epi ki enfekte.
- Preferans **pwopriyete a oubyen operatè a** ka se pou pran prekosyon nan pwoteje sante san yo pa bezwen kenbe moun yo a yon distans apwopriye oubyen bezwen detèmine si wi ou non yon moun vaksin en.



 Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite  
[ct.gov/covidvaccine](https://ct.gov/covidvaccine)

GET THE  
FACTS  
ON THE  
VAX



# Saw Bezwen Konnen: Vaksinasyon COVID-19, Mete Mas, ak distansyasyon sosyal

Paj 3 nan 4

## Sa sa vle di pou granmoun ak timoun yo...

### Si Yo Vaksinen ...



- Kapab santi yo alèz san **mas oubyen distans sosyal** ni anndan ni deyò.
- **Pa bezwen mete tèt yo an karantèn** de travay, lekòl, oswa lòt moun si yo te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19 epi yo pa gen okenn sentòm pou tèt yo.
- **Pa bezwen fè tès** regilyèman (pa egzanp, nan kad travay yo), anvan oubyen apre vwayaj, oubyen lè yo te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19 epi yo pa gen okenn sentòm pou tèt yo.

#### SA A SE PASKE :

- Menm si yo te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19, yo trè **pa fasil pou enfekte**.
- Menm si yo enfekte, yo trè **pa fasil pou yo malad** oswa pou yo gen maladi grav.
- Menm si yo enfekte, yo gen **mwens chans pou yo enfekte yon lòt moun**.

### Si Yo Pa Vaksinen ...



- Yo oblije mete **yon mas andedan an**.
- Ta dwe **kontinye mete yon mas deyò** lè yo nan yon foul moun, nan yon gwo evènman, oubyen nan yon plas piblik kote kenbe distans yo ak lòt moun difisil.
- Ta **dwe kontinye mete tèt yo an karantèn** de travay, lekòl, ak lòt moun si yo te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19.
- Yo ta dwe **kontinye fè tès** lè yo te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19, anvan ak apre yo vwayaje, epi si yo fè pati yon pwogram tès depistaj (pa egzanp nan kad travay yo).

#### SA A SE PASKE :

- Si yo te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19, yo **riske enfekte**.
- Si yo vin enfekte, yo **ka souffri ak maladi grav** epi yo ka entène lopital.
- Si yo enfekte, yo **ka transmèt viris la bay lòt moun**.
- Si yo enfekte, yo ka **reprizante yon gwo risk pou lòt moun** ki poko pran vaksen an oubyen ki pa ka pran vaksen an.



Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite  
[ct.gov/covidvaccine](https://ct.gov/covidvaccine)



# Saw Bezwen Konnen: Vaksinasyon COVID-19, Mete Mas, ak distansyasyon sosyal



Paj 4 nan 4

## Kisa sa sa vle di pou Biznis yo...



### Pwopriyetè biznis ak Operatè Evènman

- Ta dwe anvizaje egzije kliyan yo pou yo **mete yon mas lè yo anndan yon etablisman oubyen nan yon gwo evènman anndan kay oubyen rasanbleman prive** si espas la pa fèt pou distans sosyal kontinyèl. Si yo pa espesifikman egzije sa, **anvizaje afiche yon sinyalizasyon ki endike ke kliyan ki pa pran vaksen yo oblije mete yon mas** epi yo envite nenpòt kliyan mete yon mas si yo pi alèz pou yo fè sa.
- Ta dwe anvizaje egzije kliyan / patisipan yo pou yo **mete yon mas lè yo andedan yon etablisman oubyen nan yon gwo evènman anndan yon espas fèmèn la oubyen nan rasanbleman prive** kote gen chans pou gen yon melanj de moun ki vaksinen ak moun ki pa vaksinen (ki gen ladan timoun ki gen mwens pase 12 lànè).
- Ta dwe anvizaje mande patisipan yo pou yo mete **yon mas lè yo nan gwo evènman** an plennè ki ouvè ak piblik la ak / oubyen kote y ap atann yo ak gwo foul moun epi moun ki pa vaksinen (ki gen ladan timoun ki gen mwens pase 12 lànè) gen anpil chans pou yo prezan.
- Ta dwe mande pou **anplwaye yo mete yon mas si yo pa vaksinen** oubyen si yo pa konnen estati vaksinasyon yo epi yo pa ka kenbe yon separasyon kontinyèl nan men kliyan oubyen kòlèg travay yo.
- Ta dwe anvizaje rekonsevwa espas **anndan yon etablisman oubyen nan yon gwo evènman k ap fèt nan yon espas fèmèn oubyen nan yon rasanbleman prive pou pèmèt yo kenbe yon distans sosyal kontinyèl** (oubyen menm yon distans pwolonje) lè itilizasyon mas ka pa posib oubyen pratik (pa egzanp pandan y ap manje / bwè oswa fè egzèsis).
- Ta dwe anvizaje entegre rekòmandasyon CDC yo pou **netwayaj / dezenfeksyon, ijyèn men, ak vantilasyon anndan etablisman yo** pou maksimize sekirite pou kliyan ak anplwaye ki pa vaksinen yo.
- Ta dwe prevwa pou yon **kapasite redwi** (ansanm ak refize aksè ak moun ki gen tikè ki valab yo) si yon gwo evènman an plennè dwe deplase pou al fèt nan yon espas ki fèmèn epi gen chans pou gen moun ki pa vaksinen (ki gen ladan timoun ki gen mwens pase 12 lànè) ki prezan.

### SA A SE PASKE :

- Kounye a pa gen **okenn fason pratik, fyab, ak lojik pou detèmine estati vaksinasyon COVID-19 yon moun.**
- Anpil moun ki enfekte ak viris ki lakòz COVID-19 la pa **gen okenn sentòm men yo ka simaye viris la bay lòt moun** ki pa vaksinen konplètman.
- Menm si pousantaj enfeksyon nan kominote a ap diminye nan Connecticut, toujou genyen **anpil rezidan ak kominote vilnerab** nan eta a ki pa vaksinen konplètman epi COVID-19 ta ka afekte yo yon fason ki grav.
- Gen **yon risk k ap kontinye ke biznis ak gwo evènman yo ta ka yon sous siyifikatif epidemi COVID-19 yo** nan sitiyasyon kote mas inivèsèl la pa itilize, anpil moun pa vaksinen, yon espasman apwopriye ant kliyan, patisipan yo, ak anplwaye yo pa ka kenbe.

 Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite  
[ct.gov/covidvaccine](https://ct.gov/covidvaccine)

GET THE  
FACTS  
ON THE  
VAX

